# QOSÍQSHÍNÍŃ ATQARÍWSHÍLÍQ SHEBERLIGIN RAWAJLANDÍRÍW USÍLLARÍ

**Baltaniyazov Sarsenbay Aytmuratovich** – *professor*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** musiqa, nota, tovush, o'qituvchi, repertuar, ritm, intonatsiya, nafas, ijro.
**Ключевые слова:** музыка, нота, звук, учитель, репертуар, ритм, интонация, дыхание, исполнение.
**Key words:** music, note, sound, teacher, repertoire, rhythm, intonation, breathing, performance.

Ózbekstan Respublikası ǵárezsizliginiń dáslepki jıllarında-aq, elimizde uqıplı, talantlı jaslardıń tvorchestvalıq jetiskenliklerin jáne de rawajlandırıw, keń jámiyetshilikke usınıw múmkinshiliginiń artqanlıǵın, milliy tálim dúzilisi boyınsha vokal pedagogikasına baylanıstramız. Vokal pedagogikası qollanbaları ádebiyatlarınan jas áwladtı tárbiyalawda qollanamız. Biz háwesker retinde ózimizge unaǵan qosıqtı ıńıldap yamasa dawıslap aytıp júremiz. Al, professional vokal mádeniyatı yamasa tálimi qosıqshınıń joqarǵı wazıypaların belgilep beredi hám tınıq dawıstı esitiw uqıbın (slux) aktyorlıq sheberlikti talap etedi. Hárbir oqıwshı (qosıqshı) hám oqıtıwshı vokal pedagogikası principlerin, kórsetpe usılların biliwi yadta tutıwı tiyis. «Dawıs ústinde» islegende dawıs aǵzalarınıń birlikli háreketi zárúr. Yaǵnıy, nápes, gegirdek, sóylew aǵzaları, dawıs rezonatorları bir-biri menen baylanısqan, óz ara tásirli halda háreketlenedi. Egerde barlıq dawıs apparatı aǵzaları birlikte durıs háreket etilse onda azǵana energiya jumsap otırıp-aq, tolıq jaǵımlı akustik dawıs payda etiwge boladı. Bul háreketlerdiń bárin oraylıq nerv sisteması basqarıp otıradı. Sonlıqtanda hárbir dawıs qosıqshınıń yamasa oqıwshınıń muzıkalıq uqıbı nátiyjesi dep bahalanadı. Bunda qosıqshınıń ruwxıy dúnyası úlken áhmiyetke iye. Oqıwshınıń muzıkalıq oy-pikiri keń bolsa, atqarıw sheberligide sonsha joqarı boladı. Oqıwshınıń muzıkalıq esitiw qábilietin rawajlandırıw arqalı, onıń unamlı tembri dawıstı payda etip, onıń fiziologiyalıq formaların túsiniwine erisiw múmkin. Professional qosıqshınıń dawıs tolqını, ápiwayı sóylew dawısınan anaǵurlım dárejede ayırılıp turadı. Sebebi onıń akustik formantları bar. Joqarı dawıs formant (JDF) 2500-3000 gc. Tómengi dawıs formant (TDF) 500-600 gc. átirapında boladı. Dawıstıń durıs payda bolıp atırǵanın esitip biliw, túsiniw arqalı ayırım dawıs aǵzaları bulshıq etlerin tolıqtırmawǵa erisiledi. Hárbir tarawdaǵı sıyaqlı qosıqshını tárbiyalawda shınıqtırıwdıń baslanǵısh dáwiri áhmiyetli. Oqıwshı birinshi qademinde oziniń múmkinshiliklerin seziwi kerek. Dawıs diapozonınıń orta bóliminde jaǵımlı dawıs penen qosıq ayta alatuǵınlaǵın, qıyın bolmaǵan shıǵarmalardı ózlestiriw arqalı anıqlaydı. Tájiriybeli pedagog óziniń oqıwshısın eń birinshi sabaqtan baslap gúzetedi hám usı sabaqtı tanısıw dep ataydı. Bunda oqıwshısınıń vokal uqıbın, dawısınıń qaysı tipte ekenligin, muzıkanı qaballaw dárejesin anıqlawı jáne de ruwxıy jaǵdayın seziniwi zárúr. Usı jaǵdaylarda pedagog hám oqıwshı arasında tvorchestvolıq qatnasıq baslanadı. Qosıqshınıń dawısındaǵı ayırım kemshiliklerdi tez arada saplastırıw ushın háreket etiw kerek hám oqıwshınıń jeke múmkinshiligin sheklewi múmkin. Tájiriybeli pedagog bul máseleni «kesent beriw» jolı menen sheshedi. Biraq onıń vokal uqıplılıǵın áste aqırın nátiyjeli asırıwdıń ilajların kózde tutıp, ózine rejeler dúzedi. Baslanǵısh sabaqlarda qosıqshını kóp tayarlıqqa yamasa tolıq sabaq dawamında aytıwǵa májbúrlemeydi. Tayarlıqtı 20-25 minuttan asırmaydı. Bunda Italiya mektep usılların qollanıp kúnine 2 márte (azanda, keshte) tayarlıq ótkerse maqsetke muwapıq boladı. Eger keri jaǵday qollanılsa, burın ádet bolmaǵan jaǵdaydan dawıs apparatı ǵana emes nerv sistemalarıda zıyanlanıwı múmkin. Egerde sabaq dawamında oqıwshınıń dawısı jaǵımsız jaman esitilse, onda sabaqtıń kóbirek ótilgeni bolıp, onı qısqartıw zárúr. Kóp oqıwshılar qansha kóp tayarlansam sonsha dawıstıń durıs shıǵıwına yamasa jaqsı aytıwǵa erisemen dep oylaydı. Bul pikirdiń nadurıs ekenligin túsindirip, olardıń óz betinshe úyde

tayarlanıw (raspevka, hádden tıs qattı dawısta aytıw) qadaǵan etiliwi tiyis.

Dawıs shınıqtırıwdı dawıs diapozonınıń orta bóliminen tańlawdan baslaw kerek. Bunda erkin, qolaylı, tábiyǵıy dawıs tolqının payda etiw háreketinde joqarı hám tómen bolǵan notalardı tonlardı alıw paydasız. Sebebi bul dawıs aǵzalarınıń talıǵıwına alıp keledi. Ayırım dawıslardı ózlestiriwde qıyınshılıqqa dus keliwi múmkin. Bul máseleni saplastırıwda pedagog jaqsı qáliplesken únli seslerden paydalanıp, olardı eń dáslepki shınıqtırıw tiykarına aylandıradı. Dawıs dinamikasın tańlawda atqarıwshınıń múmkinshiligin esapqa alıw zárúr. Bálent dawısta aytıw jedellikti talap etedi hám dawıs apparatı aǵzalarınıń sharshawına alıp kelse, hádden tıs tómen dawısta aytıw nápes, kúshiniń ázziligine alıp keledi. Sonıń ushında M.I.Glinka erkin aytıw, nápes (dıxanie) apparatın bosańlatpay yamasa oǵan kúsh salmay aytıwdı usınıs etken.

### Paydalanılǵan ádebiyatlar

1. Feruza Askar. Muzıka hám insan mánawiyatı. T.2000. 12-bet.
2. Чаплина В.Л. «Вопросы вокальной педагогики» Москва: Музыка, 1969 г. - 231 с.
3. Аспелунд Д.Л. «Развитие певца и его голоса» Москва: Планета музыки, 2017 г.- 180 с.
4. Ризаева М. «Стоновление молодого певца» Тошкент: Чўлпон нашрёти 2003 г. -104 с.
5. Варламов А.Е. «Полная школа пения» Москва: Издательство Лань, Планета музыки, 2012 г. 120.
6. Назаренко И.К. «Искуства пения» Москва: Музыка, 1968 г. - 624 с.
7. Морозов В.П. «Вокальный слух и голос» Москва: Музыка, 1965 г. - 88 с.

**REZYUME.** Ushbu maqolada vokal oʻqituvchisining musiqa oʻrgatishdagi oʻrni haqida soʻz yuritiladi. Vokal oʻqituvchisi oʻquvchilarning vokal imkoniyatlarini aniqlaydi, toʻgʻri usullarni oʻrgatadi, sahna madaniyati, musiqiy savodxonlik va ijodiy koʻnikmalarni rivojlantirishda etakchi rol oʻynaydi. Shuningdek, bolalarni milliy va umuminsoniy qadriyatlarga hurmat ruhida tarbiyalaydi. Maqolada oʻqituvchining pedagogik mahorati, individual yondashuvi va ilhomlantiruvchi oʻrni alohida takidlangan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается роль преподавателя вокала в обучении музыке. Учитель вокала определяет вокальные возможности учащихся, обучает правильным приемам, играет ведущую роль в развитии сценической культуры, музыкальной грамотности и творческих навыков. Также воспитывает детей в духе уважения к национальным и общечеловеческим ценностям. В статье особо подчеркивается педагогическое мастерство учителя, его индивидуальный подход и вдохновляющая роль.

**SUMMARY.** This article discusses the role of the vocal teacher in teaching music. The vocal teacher identifies the vocal capabilities of students, teaches the correct techniques, and plays a leading role in the development of stage culture, musical literacy, and creative skills. It also educates children in the spirit of respect for national and universal values. The article emphasizes the teacher's pedagogical skills, individual approach, and inspiring role.